**दिन–शनिवार** **दिनांक–13.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री जेपी नड्डा विपक्ष पर निच स्तरक राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ पटना मे पार्टीक एक कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री नड्डा जनौलनि जे जाहि तरहें प्रधानमंत्रीक दिवंगत माई लेल अभद्र भाषा वाजल गेल ओ विपक्षी पार्टी मानसिकता के देखबैत अछि। ओ जनौलनि जे पछिला बीस बरख मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे विकास काजक कारण बिहार मे बेसी बदलि भेल अछि। श्री नड्डा अगिला विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ पार्टीक कोर कमिटिक संग बैसक कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पंद्रह सितंबर कऽ अपन पूर्णियां दौराक बीच पीएम आवास योजना, ग्रामीणक पैंतीस हजार लाभार्थी सभक गृह प्रवेश करौताह। श्री मोदी योजनाक लाभुक सभ के घरक कुंजी सौंपताह। एम्हर, केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह जनौलनि जे पंद्रह सितंबर कऽ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक दौरा ऐतिहासिक होयत। ओ जनौलनि जे एहि बीच प्रधानमंत्री बिहार के कतेको सौगात देताह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक जन्म दिवसक मौका पर सतरह सितंबर सँ दू अक्टूबर धरि सेवा पर्व मनाओल जायत। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत जनौलनि जे एहि बिच पूरा राज्य मे एक पेड़ मां के नाम अभियान, जल चौपाल आओर स्वस्थ्य शिविरक आयोजन कयल जायत। संगहि, स्वच्छता अभियान चलाओल जायत। ओ जनौलनि जे एहि सँ जुड़ल विभाग के एहि लेल जना देल गेल अछि।

---

नेपालक राष्ट्रपति रामचंद्र पौडेल नवनियुक्ति अंतरिम प्रधानमंत्री सुशीला कार्कीक जनेला पर संसदक निचला सदन प्रतिनिधि सभा के भंग कऽ देलनि अछि। ओ अगिला बरख पांच मार्च कऽ संसदीय चुनावक घोषणा कयलनि अछि। पूर्व मुख्य न्यायाधीश सुशीला कार्की

काल्हि राति अंतरिम सरकारक प्रधानमंत्रीक रूप मे शपथ लेलनि। एकर संगहि, सुशीला कार्की नेपालक पहिल महिला प्रधानमंत्री बनल छथि।

———————————————————————

भारतीय जनता पार्टी बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत मोदी मित्र डिजिटल योद्धा अभियन शुरू कयलक अछि। आइ पटना मे एक कार्यक्रम मे पार्टीक आईटी सेलक प्रभारी अमित मालवीय ई अभियान शुरू कयलनि। ओ जनौलनि जे एहि मे भाजपा कार्यकर्त्ता सभ बिहारक बीस बरखक विकास गाथा के डिजिटल माध्यम सँ घर–घर धरि पहुंचैताह। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे एहि सँ लोक सभक संग पार्टी क रिश्ता के आओरो मजगूती भेटत। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा सहित पार्टीक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ कार्यक्रम के संबोधित कयलाह।

———————————————————————

बिहारक अर्थव्यवस्था मे पहिल बेर उद्योग क्षेत्रक योगदान कृषि सँ बेसी भऽ गेल अछि। संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी एन.एस.ओ. रिपोर्टक चर्चा करैत जनौलनि जे राज्यक अर्थव्यवस्था मे उद्योगक योगदान बढिकऽ तैईस दशमलव पांच–सात प्रतिशत भऽ गेल अछि। ओतहि, कृषि क्षेत्रक योगदान बाईस दशमलव तीन–सात प्रतिशत अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे बिहारक अर्थव्यवस्था देश मे दोसर सभ सँ तेज गति सँ बढ़ैत अर्थव्यवस्था भऽ गेल अछि। राज्यक विकास दर राष्ट्रीय औसत सँ सेहो बेसी अछि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। एहि मे आपसी समझौताक आधार पर कतेको प्रकारक दिवानी आओर अपराधिक मामिलाक निपटारा कयल गेल। लोक अदालत मे बैंक ऋण, बिजली वाद, वाहन दुर्घटना बीमा आओर श्रमवाद जेहेन मामिला आपसी सहमतिक आधार पर निष्पादित कयल गेल।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक हरसिद्धि थानाक मुरारपुर पंचायतक मुखियाक पतिक सरिसवां गामक घर पर पुलिस छापामारी कऽ हथियार बरामद कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात जनौलनि जे मारल गेल छापा मे पांच देसी पेस्तौल, एक कार्रबाईन, एक सिक्सर आओर दू राईफल बरामद भेल अछि। ओ जनौलनि जे पांच गाड़ी के जब्त कयल गेल अछि।

जेकर दाम दू करोड़ टाका सँ बेसी अछि। पुलिस अधीक्षक जनौलनि जे मुखियाक पति कमरूद्दीन पर जिलाक कतेको थाना मे हत्या, लूट आओर डकैतिक मामिला दर्ज अछि। पुलिस हुनका गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोगक एकहत्तरम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा आइ शांतिपूर्वक संपन्न भऽ गेल। परीक्षाक आयोजन सैंतीस जिलाक नओ सय बारह केन्द्र पर कयल गेल।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक असरि सँ बारखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच पश्चिमी चंपारण जिलाक सिकटा मे सभ सँ बेसी छियासठि दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, मधुबनी, सुपौल, अररिया आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर रेलवे स्टेशन के बम सँ उड़ेबाक धमकी भेटलाक बाद परिसरक सुरक्षा—व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि। एस.एस.बीक मददि सँ सघन सर्च अभियान चलाओल गेल। एहि बीच कोनो विस्फोटक बरामद नहि भेल।

अररिया जिलाक साईबर पुलिस गरैया चिकनी थाना क्षेत्र सँ तीन साईबर ठग के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त